

Kunamata Kunobvumirwa naMwari (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 15 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



ZVITENDERO ZVESE ZVINOFADZA MWARI HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vangati hungu?

Nei vamwe vangati aiwa?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Tinofanira kunamata Mwari nenzira yaanobvumira. (Ona ndima 1-4 dzechitsauko 15 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Mateu 7:21-23.

Maererano nezvakataurwa naJesu, nei tisingafaniri kungogumira *pakutaura kuti* tinotenda maari kana kuti muna Baba vake?

Verenga Mateu 7:13, 14.

Nei zvisingafaniri kutishamisa kuti vanhu vakawanda havasati vawana chitendero chechokwadi?



Kana ukaziva kuti mari yechokwadi yakaita sei, zvinova nyore kuziva yekunyepera. Saizvozwovo, kana tikaziva zvakaita kunamata kwechokwadi, zvinova nyore kuziva chitendero chenhema

Vaya vari muchitendero chechokwadi vanooneka nezvavanotenda uye nemararamiro avo.

(Ona ndima 5-14 dzechitsauko 15 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Pisarema 83:18; Mateu 20:28, uye 2 Timoti 3:16, 17.

Zvii zvinotendwa nevaKristu vechokwadi pamusoro paMwari, Jesu uye Bhaibheri?

Verenga Mateu 24:14; Mako 12:17, uye Johani 13:35.

Vanhu vaMwari vanoratidza sei zvakaitea chitendero chechokwadi nemararamiro avo ezuva nezuva?

Chii chinoita kuti *iwe* uve nechokwadi chekuti chitendero cheZvapupu zvaJehovha ndicho chechokwadi?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Chitendero chimwe nechimwe chine zvachakanakira.

UNGANOMUTI . . .

Ichokwadi kuti muzvitendero zvese mune *vamwe* vanonamata nemwoyo wese. Asi ini ndinotenda kuti kunongova nechitendero chimwe chete chinogamuchirwa naMwari nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Ndinopinda chimwe chezvitendero zvinopindwa nevakawanda pasi rese. Vanhu vakawanda kudaro havangombovi vakarasika.

UNGANOMUTI . . .

Vanhu vakawanda vangangobvumirana newe. Asi ini handidaviri izvozvo nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?
